



Pou Piblikasyon Imedya: 10/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PANELIS YO NONMEN YO POU KONPETISYON POU EKSPLORE LÒT OPSYON KONSEPSYON POU KORIDÒ SKYWAY BUFFALO A

Pami panelis yo gen ekspè lokal ak nasyonal nan achitekti ak konsepsyon, ibanis ak transpò, epitou fonksyonè piblik

Eta a pral bay 100,000 dola pou konsepsyon ki genyen an, 50,000 dola pou dezyèm plas ak 25,000 dola pou twazyèm plas

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo nonmen prezidan ak panelis yo ki responsab jije konpetisyon an pou eksplore lòt opsyon pou Koridò Skyway Buffalo a. Panèl la pral gen kòm prezidan Komisè Empire State Development lan (ESD) Howard Zensky, avèk dis panelis ki se ekspè nan domèn achitekti, konsepsyon, ibanis, transpò, ak kwasans kominotè, epitou fonksyonè piblik.

"Skyway la se yon enfrastruktik demode ak aje ki te separe Buffalo ak bò dlo li an, epi ki reprezante yon vil ki diferan anpil de sa nou konnen jodi a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pou ranplase li nou bezwen nouvo ide ak kreyativite, se poutèt sa n ap lanse konpetisyon sa a pou rekonpanse pi bon ibanis, achitekt, ak fim konsepsyon yo nan peyi a ki prezante plan yo pou nou kapab kontinye revitalize Buffalo epi k ap ajoute sou kokennchenn pwogrè ekonomik n ap fè nan vil la ak toupatou nan eta a."

"Kòm yon rezidan Buffalo ki wè Skyway la nan fenèt mwen lè mwen lakay, mwen konnen nou kapab jwenn yon pi bon opsyon transpò ki ale avèk nouvo imaj konsekan Buffalo a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Konpetisyon nou yo tankou 43North se yon fason efikas pou pote solisyon inovatè pou fè Rejyon Lwès New York la vanse. Konpetisyon pou Skyway la pral sèvi avèk modèl efikas sa a pou eksplwate nouvo ide pou lavni. Avèk ekspè plen talan sa yo, kominote nou an kapab eksplore nouvo posibilite kreyatif pou repanse bò dlo nou an toutbon."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè ESD, Howard Zensky, te deklare, "Konpetisyon sa a pral montre talan klas mondyal New York la nan kreyasyon souvo ide ak lòt opsyon pou Koridò Skyway la, sa k ap pote pi bon aksè sou bò dlo a ak enpak ekonomik k ap ajoute plis toujou nan transfòmasyon Buffalo a sou lidèchip Gouvènè Cuomo".

Senatè Tim Kennedy, Prezidan Komite Transpò Sena a (Senate Transportation Committee), te deklare, "Skyway la pa itil ankò epi li vin jennen devlopman bò dlo nou an pou pwochen jenerasyon Nouyòkè yo nan Rejyon Lwès la. Sa fè m plezi dèske pwosesis pou retire epi ranplase bagay lèd sa a ap vanse. Ide kreyatif n espere resevwa yo pral pèmèt nou remèt kominote a plizyè douzèn ekta tè. Apre plizyè ane ap reklame chanjman, yo tande vwa Buffalo".

Lidè Majorite nan Asanble a, Crystal Peoples-Stokes te deklare, "Aprè plizyè ane deba sou sa n ap fè ak Skyway la, sa fè m plèzi konnen Gouvènè a finalman ap pran kèk mezi toutbon pou jwenn yon solisyon pou rekonekte vil la ak rezidan li yo avèk atou pi presye nou genyen an- bò dlo Buffalo a. Konkou sa a ofri okazyon mande ibanis pi entelijan epi ki gen plis talan yo ide pou jwenn yon solisyon pou koridò Skyway la. Mwen pa ka tann wè konsepsyon gayan panèl ekselan nou an pral chwazi".

Majistra Buffalo a Byron W. Brown te deklare, "Kreyasyon yon panèl jij pou konpetisyon konsepsyon Skyway la, fè vanse apwòch trè kreyatif Gouvènè a nan repanse vwa woutye sa a an yon koneksyon 21yèm Syèk ak nan kijan li dwe fonksyone pou amelyore transpò epi ankouraje plis devlopman ekonomik. Mwen pa ka tann wè konsepsyon yo ki soti nan konpetisyon sa a."

Panelis yo nonmen jodi a se:

- Sekretè Eta a Rossana Rosado
- Byron Brown, Majistra Buffalo
- Bob Shibley, Dwayen, Lekòl Achitekti ak Ibanis University at Buffalo a (University at Buffalo School of Architecture and Planning)
- Hal Morse, Direktè Egzekitif, Konsèy Transpò pou Rejyon Buffalo Niagara a (Greater Buffalo Niagara Regional Transportation Council)
- Ethan Kent, Vis-Prezidan Direktè, Pwojè pou Espas Piblik (Project for Public Spaces)
- Lynn Richards, Prezidan-Direktè Egzekitif Jeneral Kongrè pou Nouvo Ibanis la (Congress for the New Urbanism)
- Danielle Arigoni, Direktè Kominote Abitab (Livable Communities) nan AARP
- Lee Fisher, Dwayen ak Joseph C. Hostetler-BakerHostetler Pwofèsè Dwa nan Lekòl Dwa Cleveland-Marshall la (Cleveland-Marshall College of Law) nan Cleveland State University
- Jennifer Vey, Direktè, Sant Anne T. ak Robert M. Bass pou Kreyasyon Espas k ap Mennen Transfòmasyon (Anne T. and Robert M. Bass Center for Transformative Placemaking) ak Atache Siperyè, Pwogram Politik Metwopoliten (Metropolitan Policy Program), Brookings Institution
- Calvin Gladney, Prezidan-Direktè Egzekitif Jeneral Smart Growth America

An Fevriye, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) bidjè ane fiskal 2020 an t ap gen ladan yon konpetisyon konsepsyon nasyonal pou mande pi bon ide a pou yon lòt opsyon pou Koridò Skyway la. Konpetisyon sis mwa a pral mande ide nan men fim konsepsyon, ibanis, achitèk ak lòt antite, epi panèl ekspè a pral egzamine pwopozisyon yo epi finalman chwazi yon konsepsyon gayan. Faktè jij yo pral konsidere yo gen pami yo kou pwopozisyon an, efè a sou aranjman sikilasyon an ak dire tan pou reyalizasyon li. Pwopozisyon gayan an ap resevwa yon pri 100,000 dola pou konsepsyon li an, dezyèm plas la ap resevwa 50,000 dola epi twazyèm plas la ap resevwa 25,000 dola.

Konsepsyon Koridò Skyway ki la kounye a akayik sou plan fonksyonèl, li manke sou plan estriktirèl epi li pa popilè kot vwayajè yo. Kounye a, sèl opsyon ki genyen se pou rekonstwi Koridò Skyway la ki gen 60 an, yon estrikti yo pa t ap janm bati nan tan jodi a.

Konpetisyon an pral eksplòre lòt opsyon pou Koridò Skyway lan ki pral maksimize aksè a rivaj lan pou abitan yo epi ogmante opòtinite devlopman ekonomik yo pandan l ap ofri otomobilis yo transpò ki san danje ak fasil.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)